# MIFOLOGIYALÍQ OBRAZLARDÍŃ JANRLAR KESIMINDE TRANSFORMACIYASÍ

**Kabilova Gúlayım** – *tayanısh doktorant*
*gulayimkabulova32@gmail.com*
*Ózbekstan Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı*

# ТРАНСФОРМАЦИЯ МИФОЛОГИЧЕСКИХ ОБРАЗОВ ПО ЖАНРУ

**Кабилова Гулайим** – *базовый докторант*
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Академии наук Республики Узбекистан*

# TRANSFORMATION OF MYTHOLOGICAL IMAGES BY GENRE

**Kabilova Gulayim –** *doctoral student*
*Karakalpak Research Institute of Humanities of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan*

**Tayanch so‘zlar**: mif, mifologiya, ertak, dev, yalmog‘iz kampir.

**Rezyume.** Maqolada mifning ertakka transformatsiyasi, mifologik obrazlarning mifdan ertakga, ertakdan dostonlarga transformatsiya bo‘lish protsessi qanday yo‘llar bilan amalga oshishi haqida ilmiy-nazariy jihatdan o‘rganildi va mulohazalar yuritildi. Mifologik dev, yalmog‘iz kampir, pari, ajdar obrazlarning tipologik jihatdan qanday obraz ekanligi, ertak va dostonlarda bu obrazlarda qanchalik o‘zgarishlar sodir bo‘lishi misollar bilan dalillangan.

**Ключевые слова:** миф, мифология, сказка, великан, баба яга.

**Резюме.** В статье научно и теоретически исследуется и обсуждается, трансформация мифа в сказки, способы преобразования мифологических образов из мифа и сказку и из сказки в эпос. Типологическая природа мифологического великана, старухи с бородой, феи и дракона иллюстрируется примерами, а также степенью изменения этих образов в сказках и эпосах.

**Key words:** myth, mythology, fairy, tale, giant, witch.

**Summary.** The artical scientifically and theoretically studies and discusses the transformation of myth into fairy tales, the ways in which mythological images are transformed from myth to fairy tales, and from fairy tales to epics. The typological nature of the mythological giant, the old woman with a beard, the fairy, and the dragon are illustrated with examples, and the extent to which these images change in fairy tales and epics.

**Kirisiw.** Mif – úlken bir teńiz bolsa, folklordıń basqa janrlarındaǵı mifologiyalıq elementler usı teńizden payda bolǵan dáryalar sıyaqlı. Usı sıyaqlı qaraqalpaq xalıq sıyqırlı ertekleri menen mifler bir-birine óziniń mifologiyalıq qaharmanları, qızıqlı syujetlik waqıyaları, mifologiyalıq súwretlewleri arqalı júdá jaqın. Degen menen, olardıń arasında ayırmashılıqlar da joq emes. Ulıwma folklortanıw iliminde mifler hám ertekler arasındaǵı jaqınlıqlar hám ayırmashılıqlar ázel-ázelden qızıqlı hám aktual máselelerden bolıp kelgen.

**Ádebiyatlarǵa sholıw**. Bul másele jóninde kóplegen alımlar izertlewler alıp barǵan. Olardıń ishinde rus alımı E.M.Meletinskiydiń ilimiy pikirleri dıqqatqa ılayıq. Mifologiyalıq obrazlardıń miften ertekke, ertekten basqa folklor janrlarına transformaciyası máselesin úyreniw ushın dáslep mif penen ertektiń ayırmashılıǵın hám bul ayırmashılıqlar mifologiyalıq obrazlarǵa qanday tásir etiwin úyreniw maqsetke muwapıq boladı. Sonlıqtan da, dáslep mif hám ertek ayırmashılıqları, miftiń ertekke transformaciyası jóninde ilimiy pikirlerdi úyrenip shıǵamız. E.M.Meletinskiy óziniń “Mif hám ertek” atlı úlken kólemli maqalasında ertek hám miftiń óz ara baylanısı hám ayırmashılıqları máselesi jóninde izertlew alıp barıp, ózinen aldıńǵı bul másele jóninde pikir bildirgen F.Boas, S.Tompson, O.Rank, G.Rohaym, K.Yung hám t.b. alımlardıń ilimiy kózqaraslarına toqtaydı hám E.M.Meletinskiy mif hám ertek ortasındaǵı ayırmashılıqlardı úlken A hám B atlı eki toparǵa bólip kórsetedi. A toparında mif hám ertek diniy-sociallıq tárepten úyrenilse, B toparında janrlardıń mazmunlıq tárepi, teması, qaharmanları hám waqtı dıqqatqa alınıp tómendegishe ayırıladı:

“A toparı: I. Máresimlilik-biymáresimlilik; II. Muqaddeslik xarakterine iye bolıw – muqaddeslik xarakteriniń bolmawı; III. Isenimlilik – isenimsizlik; IV. Etnografiyalıq tárepten anıq túsinik – poetik kórkem túsinikke iye bolıwı;

B toparı: V. Mifologiyalıq qaharman – mifologiyalıq emes qaharman; VI. Mifologiyalıq (tariyxıy dáwirge shekemgi) waqıt – ertektegi waqıt; VII. Etiologizmniń bolıwı – onıń joǵalıwı; VIII. Súwretler obyektiniń jámiyetlik bolıwı (kosmoslıq kólemde) – individual bolıwı” [1].

Sonday-aq, alım miftiń ertekke aylanıw procesinde tómendegi basqıshlar hám jaǵdaylar júz beredi dep kórsetedi:

– máresimliliktiń joǵalıwı (deritualizaciya);
– muqaddesliktiń tómenlewi (desakralizaciya);
– miflik waqıyalardıń haqıyqatlıqqa bolǵan isenimniń kúshsizleniwi;
– sanalı kórkem toqımanıń rawajlanıwı;
– etnografiyalıq anıq túsiniklerdiń joǵalıwı;
– miflik qaharmanlardıń ápiwayı insanlar menen almasıwı;
– mifologiyalıq waqıttıń belgisiz ertek waqtına ózgeriwi;
– etiologizmniń kúshsizleniwi;
– jámiyetlik taǵdirden individual taǵdirge ótiw [1].

**Talqılaw hám nátiyjeler.** E.M.Meletinskiydiń miftiń ertekke transformaciyalanıw processin tolıq mifologiyalıq obrazlarǵa da tán dep ayta almaymız. Usı orında miflerdegi sap mifologiyalıq obraz ertekke transformaciya bolǵanda, ertekten basqa janrlarǵa transformaciyalanǵanda qanday ózgerisler júz beredi? – degen soraw payda boladı. Erteklerdegi mifologiyalıq obraz bolsın, dástanlardaǵı mifologiyalıq personaj bolsın onıń tiykarı mifke tiyisli. Demek, miflerdegi mifologiyalıq obrazlar – yaǵnıy, obrazlardıń eń dáslepki mifologiyalıq túsiniklerdegi jaǵdayı, olardıń tiykarǵı kórinisi dep alınsa maqul boladı.

Bul kórinisten ol ertekke, ertekten sananıń jetilisken dáwirlerine kelip dástanǵa transformaciyalanıwı múmkin. Demek, mifologiyalıq obrazlardıń transformaciya basqıshın tómendegi izbe-izlikte úyreniw maqul:

Mif → Ertek → Dástan

Mifologiyalıq obrazlar haqqındaǵı dáslepki túsinikler eń áyyemgi mifler orayında turatuǵın hám ǵayrıtábiyiy qásiyetler menen eleslenetuǵın áńgimeler menen baylanıslı. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde ushırasatuǵın mifologiyalıq obrazlar bir neshe dáwirlerdi basıp ótip, transformaciyalanǵan jaǵdayda ushırasadı. Bul obrazlar tariyxıy-folklorlıq dáwirlerdiń rawajlanıwı nátiyjesinde ózleriniń dáslepki qásiyetin pútkilley joytadı yamasa azı-kem ózgerislerge ushıraydı. Yaǵnıy bul hádiyse insannıń dúnyaǵa, tábiyatqa degen kózqaraslarınıń, dáwirlik sana-seziminiń ósip barıw nátiyjesinde túsinikke iye bola baslanıwı menen baylanıslı. Mısalı, usınday ózgeriske ushıraǵan mifologiyalıq obrazlardan dáw, áydarha, peri, mástan kempir obrazların atap ótsek boladı. Bul obrazlardıń ayırımları (dáw, áydarha, mástan kempir) túrkiy folklorında jawızlıq tımsalı sıpatında belgili. Biraq dáslep bul obrazlardıń ayırımları eń áyyemgi mifologiyalıq túsiniklerde (grek mifologiyasında) jaratıwshı Táńir menen teńlestirilgen. Dáwler dáslepki mifologiyalıq túsiniklerde túrli kórinislerde ushırasadı. "Мифы народов мира" enciklopediyasında dáwler obrazı Táńir Geyanıń jerge túsirilgen balaları dep túsindiriledi [2:249].

Orta Aziya aymaqlarında zardushtiylik dini payda bolıwı menen mifologiyalıq obrazlarǵa degen kózqaraslar keskin ózgeredi. Dáw, áydarha, peri obrazları endi xalıq arasında jawızlıq tımsalı sıpatında túsinikti qáliplestiredi. Ózbek folklortanıwshı alımı J.Eshanqul "Ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde dáw obrazınıń mifologiyalıq tiykarları hám kórkem xızmeti" atlı dissertaciyasında dáw obrazınıń "Avesto" da da ayrıqsha orın iyeleytuǵınının, onda dáwler jawızlıq tımsalı – iblisler kórinisinde súwretlenetuǵının aytıp ótken, – edi [3:15].

Túrkiy xalıqlardıń awızeki xalıq dóretpelerinde dáw obrazınıń jawız tımsalı usı dinniń tásiri bolıp, bul obraz islam dininde de sol qálpin ózgertpesten saqlap qalǵan. Sonday-aq, qaraqalpaq xalıq dástanlarında da dáw obrazı unamsız qásiyetlerdi óz boyına sińdirgen obraz sıpatında belgili. Erteklerde dáwler kópshilik jaǵdaylarda jawız kúshler simvolı bolıp súwretlenedi. Zardushtiylik dininen aldın dáwler jaratıwshı Allataala menen teń bolǵan. Din kelgennen soń dáw obrazınıń unamlı tárepi pútkilley óz kúshin joǵaltıp, unamsız tárepke ótedi. Bul miflerdegi dáwlerdiń din kelmesten aldıngı hám soń oǵan degen isenimlerdiń ózgerip barıwı dep qarawǵa boladı. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde de túrli qásiyetke iye dáwler ushırasadı. Olardıń ayırımları qorqaq, ayırımları jawız, jáne birewleri metamorfozalıq qásiyetke iye boladı. Biz bunı usı baptıń birinshi bóliminde keńnen aytıp ótken edik. Al, dástanlardaǵı dáwler tiykarınan bas qaharmannıń tiykarǵı qarsılaslarınan biri sıpatında háreket etedi. Olardıń sırtqı portreti de giperbolalıq usılda asırıp súwretlenedi. Mısalı, "Edige", "Qoblan" hám "Máspatsha" dástanlarındaǵı dáwdiń sırtqı portreti erteklerdegi dáwlerdiń sırtqı portretlerinen parıq qılmaydı. Dáwdiń portreti erteklerde denesi úlken ("Jansap") [7:106], boyı minarday, qulaǵı qalqanday, kózi úngirdey ("Qulamergen") [7:162], adam atsa oǵı, shapsa qılıshı ótpeytuǵın ("Jetim bala") [8:28], ("Taskeser") [8:181] etip súwretlenedi. "Máspatsha" dástanında Alanǵasar dáw hám "Bozuǵlan" dástanında Kóbikli dáw oq ótpeytuǵın, qılısh kespeytuǵın etip ertektegi dáwler sıyaqlı táriyiplenedi. Degen menen, bul dáwler erteklerdegi sıyaqlı jabayı, toǵaylarda adamlardan jasırınıp kún kóretuǵın dáwler emes. Bulardıń óz jasaw qalası, áskerleri bar, hátte, ayırımları xanlarǵa xızmet etetuǵın boladı ("Qoblan", "Máspatsha" dástanlarında). Demek, bul dástanlardaǵı dáw obrazları ertekten tek sırtqı kórinisin alǵan menen, sanalıq tárepten mádeniylesken obrazlar. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde óziniń unamsız qásiyetleri menen jiyi ushırasatuǵın mifologiyalıq obrazlardan biri mástan kempir obrazı bolıp esaplanadı.

Alım E.M.Meletinskiy bul obrazdı ózgerisler nátiyjesinde ertek qaharmanlarına qarsı bolǵan jawızlıq kúshlerdiń ulıwmalastırılǵan obrazı bolǵan dese [4:240], Yu.S.Stepanov bul personajda dáwir ózgeriwi menen eki qásiyet sińdirilgen "jamanlıq" hám "jaqsılıq" dep túsindiredi [5:736]. Miflerde mástan kempir demonologiyalıq xarakterge iye jawız kúshlerge tiyisli jaratılıs sıpatında isenilgen bolsa, ertekke kelip ol dáw sıyaqlı tek ǵana sıyqırlı kúshlerge iye tiykarǵı qarsılas personajlardan birine aylandı. Sonday-aq, ayırım erteklerde bas qaharmannıń dushpanlarınan biri bolǵan patshanıń jawız is-háreketlerin ámelge asıratuǵın obraz sıpatında da ushırasadı. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde usı qásiyetlerdegi mástan kempir obrazın ushıratamız. "Abat batır" [7:11] erteginde Abat batırdıń hayalına ashıq bolǵan patsha Abat batırdan qutılıp, onıń hayalın alıw ushın, onı joq qılıwda mástan kempirden paydalanadı. Ertekte mástan kempir Abat batırdı óltiriw ushın hiylekerlik etip, ózin perzentinen ayırılǵan kempir ana sıpatında kórsetip, Abat batırdı uwlap óltirmekshi boladı. Onıń asına uw salıp uyqılatıp taslaydı. Hayalın bolsa aldap suw boyına alıp barıp patshanıń nókerlerine tapsıradı.

Kórinip turǵanınday, ertedegi sıyqırlılıq, qanxorlıq obrazdaǵı mástan kempir dúnya ushın jawız is-háreketten qaytpaytuǵın, hiyleker, ótirikshi obrazına ózgergen. Erteklerdegi hám dástanlardaǵı mástan kempirdiń sırtqı kórinisleri derlik parıq qılmaydı. Biraq erteklerdegi mástan kempirler dástanlarda derlik óziniń mifologiyalıq qásiyetleri bolǵan sıyqırlı kúshlerge iye bolıw, qan ishiw, adamdı jutıp emlep qaytadan shıǵarıw, ólini tiriltiw sıyaqlı kúshlerinen ayrıladı. Mısalı: "Alpamıs" dástanında Tayshaxan menen birge Alpamıstı zindanǵa taslaw hám sol arqalı dástan syujetin rawajlandırıw; "Sháryar" hám "Muńlıq-Zarlıq" dástanlarında "Shahıdarap" hám "Muńlıq-Zarlıq" erteklerindegi sıyaqlı toǵız xanımǵa xızmet etip, balalardı joq qılıw ushın; "Ashıq Nájep"te Minayimnıń buyrıǵı menen Nájepti alıp keliw ushın xızmet etedi. Bul dástanlardıń bárshesinde ertektegi mástan kempir mifologiyalıq obrazınıń tek ǵana bir qásiyeti – dúnyaparazlıǵı saqlanıp, qalǵan mifologiyalıq qásiyetleri saqlanbaydı. Al, "Qırq qız" dástanında [9:73] mástan kempir obrazınıń dúnyaparazlıq penen birge duwaxanlıq qásiyeti de saqlanadı. Ol Qulımsay menen birgelikte Nádirshanıń buyrıǵı menen Arıslan hám Altınaydıń ortasına suwıqshılıq salıp, Altınaydı Nádirshaǵa alıp keliw ushın, Arıslan hám Altınaydıń izinen gúzetip, qolaylıq waqıt kelgende duwa arqalı uwlap uyqılatıp taslaydı.

Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde usınday transformaciyaǵa ushıraǵan mifologiyalıq obrazlardan jáne biri – peri obrazı. Xalıq awızeki dóretpelerinde peri obrazı kóp jaǵdaylarda jaqsılıq belgisi, qaharmanǵa járdemshi,

murat-maqsetine jetiwinde qol qanat hám bas qaharmannıń súygen yarı bolıp súwretlenedi. Peri obrazı Orta Aziyanıń eń áyyemgi miflik túsinikler sistemasınan orın alǵan. Peri haqqındaǵı eń dáslepki maǵlıwmatlar "Avesto" esteliginde berilgen bolıp, onıń barlıq bólimlerinde bul obraz "payrika" atı menen berilgen. Payrika mifologiyalıq personaj bolıp, genetik tárepten peri obrazınan ózgeshe kóriniske iye obraz esaplanadı.

Erteklerdegi periler kóbinese unamlı qásiyetleri menen kózge túsedi. Olar ayırım erteklerde usha alıw, ayırımlarında bolsa óz kórinisin ózgerte alıw qásiyetlerine iye boladı. Bárshe erteklerde sonday-aq miflerdegi perilerdiń ózgermeytuǵın qásiyeti – olardıń hádden tıs sulıwlıǵı hám olardı kórgen adam essiz ashıq bolıp qalıwı birdey. Qaraqalpaq sıyqırlı erteklerinde qaharman menen tuwrıdan-tuwrı qarsılas bolatuǵın periler ushıraspaydı. Qaraqalpaq dástanlarında da erteklerden transformaciyalanǵan periler kóp ózgerislerge ushıramasa da, ayırmashılıq joq dep ayta almaymız. Mısalı, "Er Ziywar" dástanı syujetlik tárepten qaraqalpaq xalıq sıyqırlı ertekleri "Jansap" [7:106], "Málikhásen", "Nurqızarın" [7:70], "Balıqshı jigit hám altın balıq" [7:107] "Sıyqırlı sazan" [8:144] hám "Altın tawıq" [7:148] erteklerine jaqın. Bas qaharman Ziywardıń peri qızına ashıq bolıp ketiwi "Jansap" hám usı tiptegi birqansha erteklerge jaqın bolsa, ertek syujetinde Záwriya atlı qızdan járdem alıp Aynajamaldı tabıwı hám oǵan jetisiwi "Balıqshı jigit hám altın balıq", "Sıyqırlı sazan" hám "Altın tawıq" erteklerindegi járdemshiler arqalı maqsetine erisken qaharmannıń taǵdirine uqsas. "Er Ziywar" [10:172] dástanında Aynajamaldıń Murǵızar atlı qusı bolsa, qaraqalpaq xalıq sıyqırlı ertekleri "Nurqızarın" erteginde Nurqızarın qusı perige tiyisli bolsa, "Málikhásen" erteginde Málikhásen izlep shıqqan qus aldın Aynıjamalǵa tiyisli bolıp, onı peri patshası Ǵaynıjamal urlap ketken boladı. Dástanda Aynajamaldıń xızmetinde dáwperiler bolǵanı sıyaqlı, "Nurqızarın" ertegindegi periniń xızmetinde de dáwperiler boladı. Dástanda da, "Nurqızarın" hám "Málikhásen" erteklerinde de bas qaharman qustı alıp atırıp, perilerdiń qolına júzik taǵıp ketedi. Dástanda Aynajamal Ziywarǵa, "Nurqızarın" erteginde peri Ásenge ashıq bolıp qaladı hám neke qıyadı. Al, "Málikhásen" erteginde peri patshası Ǵaynıjamal Málikhásenge ashıq bolmaydı, biraq onıń aq kewilliligi ushın mámleketiniń yarımın óz ıqtıyarı menen Málikhásenge tapsıradı. Biraq, bul erteklerde perilerdiń insan menen nekesinen keyin taxttan awdarıw hám azasın tutıw sıyaqlı waqıyalar ushıraspaydı.

Qaraqalpaq xalıq erteklerinde ushırasatuǵın miflik obrazlardıń payda bolıw tórkini, olardaǵı ǵayrıtábiyiy qásiyetler hám kúshlerdiń ózgeshe kórinisleriniń barlıǵı mifologiyaǵa barıp taqaladı. Máselen, erteklerde bas qaharmannıń jolında ushırasatuǵın tiykarǵı mifologiyalıq obrazlardan biri áydarha obrazınıń payda bolıw hám jasaǵan dáwiri biziń eramızdan burıńǵı, jer júzinde insan jaratılısı payda bolmasınan aldıńǵı waqıtlarǵa tuwra keledi. Evolyuciyalıq ózgeris nátiyjesinde aldıńǵı miflik áńgimelerdegi áydarha obrazı sistemalı túrde úsh dúnyanıń zoomorflıq (haywanlarǵa sıyınıw, qudaylardı haywan obrazında kóriw) sıpatın ózinde jámlestirgen; birinshi – jılan tómengi suw dúnyasınıń wákili, ekinshi – qanatlı joqarǵı dúnyanıń wákili, úshinshi – onıń bası menen ayaq-tırnaǵı jırtqısh haywanlarǵa tán, bul orta dúnya wákili. "Мифы народов мира" enciklopediyasında da áydarha obrazınıń zoomorflıq sıpatın túrli haywanlar kórinisin óz ishine alatuǵınlıǵı menen túsindirilgen [6:326].

Zoomorflıq kórinistiń birigiwi dáwirlik ózgerislerdiń nátiyjesi bolıp jańadan obraz tuwıladı. Folklorda áydarha obrazınıń transformaciyaǵa ushıraǵanınıń eń áhmiyetli sıpatı insan kúshi, aqılı aldında ázzi etip súwretlenip beriliwi menen kórinedi. Mısalı, qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinen "Úsh aǵayinli jigit" [7:133] erteginde aǵa-inililerdiń genjesi aǵaları menen qosıp jutpaqshı bolǵan áydarhanı qılıshı menen shawıp óltiredi hám ózleriniń janın aman saqlap qaladı.

Al, "Edige" [11:24] dástanındaǵı Nuratdinniń hár kúni bir adam jeytuǵın áydarha menen ayqasıp onı jeńiwi, erteklerdegi hár jılı qala jutatuǵın áydarhalardıń súwretleniwi, áyyemgi qurbanlıq etiw máresimleri menen baylanıslı bolǵan shamanlıq isenimlerdiń kórinislerinen esaplanadı. Ulıwma aytqanda, dástanlardaǵı áydarha obrazları erteklerdegi áydarhalardan ózgeshelenbeydi. Dástanlarda da, erteklerimizdegi sıyaqlı ushatuǵın, ot atatuǵın áydarhalar ushıramaydı.

**Juwmaq.** Demek, ertekten dástanǵa transformaciya bolǵanda dáw mifologiyalıq obrazı dástanlarda ertekke salıstırǵanda ádewir mádeniylesken, mástan kempir mifologiyalıq obrazı bolsa transformaciya bolǵanda ertektegi óziniń mifologiyalıq qásiyetlerin joǵaltıp, tek duwaxanlıq hám waqıyalardı kóre alıw qásiyetlerin saqlap qalsa, peri obrazı qáwender, járdemshi obrazına, áydarha obrazı bolsa ertekte de, dástanda da qansha kúshli etip súwretlense de, insan qúdireti aldında ázzi etip súwretleniwi menen sıpatlanadı.

## Ádebiyatlar


1. Мелетинскйй Е.М. Миф и сказка // https://www/ruthenia/ru/folklore/meletinsky11.html.
2. Токарев С.А. Мифы народов мира. – Москва: «Советская Энциклопедия», 1980.
3. Эшонқулов Ж. Ўзбек фольклорида дев образининг мифологик асослари ва бадий талкини. Фил.фанл.номзоди. Афтореферат. – Тошкент: 1996.
4. Мелетинский Е.М. Герой сказки. – Санкт-Петербург: «Академия культурологии», 2005.
5. Степанов Ю.С. Константы: словарь русской культуры. Опыт исследования. – Москва: Школа «Языки русской культуры», 1997.
6. Токарев С.А. Мифы народов мира: В 2т. – Москва: «Советская энциклопедия», 1991.
7. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. I том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
8. «Қарақалпақ фольклоры» Көп томлық. 67-76 том. – Нөкис: «Илим», 2014.
9. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық 9,13-томлар, «Қырқ қыз» дәстаны. – Ташкент: «Маънавият», 2009.
10. Қарақалпақ фольклоры IX том, «Ер Зийўар» дәстаны. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.
11. Қарақалпақ фольклоры. «Едиге» дәстаны. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990.